# Berdaq at?ndag`? Qaraqalpaq ma`mleketlik universiteti

**Magistratura bo’limi**
**Lingvistika (Qaraqalpaq tili) qa’nigeligi**

**1-kurs magistranti Abieva Gu’lzadani’n’**
**“Qol w’oneri leksikasi’ ” pa’ninen**

***T.Qayi’pbergenovti’n’ “Baxi’tsi’zlar” romani’nda qol wo’neri leksikasi’***
**temasi’nda jazg’an**

# *REFERAT JUMI’SI’*

Qabi’llag’an :________________________doc. Allaniyazova Sh

2014-ji’l

# *JOBA:*

**Kirisiw**

**Tiykarg'i' bo'lim**

1. Ag'ashtan islengen buyi'mlarg'a baylani'sli' atamalar
2. Kesteshilikke baylani'sli' buyi'm atamalari'
3. Gu'lalshi'li'qqa baylani'sli' atamalar
4. Teriden islengen buyi'm atamalari'
5. Temirshilikke baylani'sli' atamalari'
6. Toqi'mashi'li'qqa baylani'sli' atamalar

**Juwmaqlaw**

**Paydalani'lg'an a'debiyatlar**

# Kirisiw

Qol wo'neri leksikasi' qaraqalpaq tilinin' so'zlik qurami'ni'n' ayri'qsha bir bo'legin quraydi'. Qol wo'neri xali'qti'n' turmi'si' menen tikkeley baylani'sli'. Qaraqalpaq xalqi'ni'n' tariyxi'nda ag'ashqa nag'i's woyi'p zat islew, kiyim kensheklerdi nag'i'slar menen kestelew, turmi's ushi'n za'ru'r buyi'mlardi' nag'i'slap toqi'w, teriden zat islew, hayal qi'zlardi'n' bezeniwi ushi'n zergerlik buyi'mlari'n jasaw, temirden za'ru'rli zatlardi' islew wo'neri yerte da'wirden baslap rawajlang'an. Bul wo'nerler ha'zirgi da'wirde de zamang'a i'layi'q rawajlani'p ati'r. Qol wo'neri atamalari' ha'zirgi a'debiy tildin' so'zlik qurami'nda wo'nimli qollani'li'p, ko'rkem shi'g'armalarda da'wirdin' koloritin beriwde jiyi qollani'ladi'.

A'sirese, tariyxi'y romanlar do'retken jazi'wshi' T.Qayi'pbergenov shi'g'armalari'nda qol wo'neri atamalari' ko'plep ushi'rasadi'. Wolardi'n' ayi'ri'mlari' so'zlik quramda wo'nimli qollani'lsa, al ayi'ri'mlari' go'nergen so'zlerge aylang'an.

Go'nergen so'zler ko'rkem adebiyat stili tarawi'nda qollani'latug'i'n leksika- semantikali'q toparlardan ibarat. So'z sheberleri arxaizmler menen istorizmlerdi poetikali'q planda paydalani'wda tiykari'nan alg'anda su'wretlenetug'i'n waqi'yag'a sa'ykes da'wir koloritin beriwdi, shig'armani'n' anaw ya mi'naw qaharmani'ni'n' jeke til wo'zgeshiligin duri's ko'rsetiwdi, sonday-aq go'nergen so'zlerdin' aktiv yekinshi ma'nilerine ta'n obrazli' ekspressiyani' ko'rkemlik ma'pine jumsawdi' ko'zde tutadi'.[1]

---

[1] Бердимуратов Е.Әдебий тилдиң функцоинал стиллериниң раўажланыўы менен қарақалпак әдебий тилиниң раўажланыўы.. Нөкис, “Билим”. 1979 б-157

Biz bul referat jumi’si’mi’zda T Qayi’pbergenovti’n’ “Baxi’tsizlar” romani’nda qollani’lg’an qol wo’neri atamalari’n tomendegidey toparlarg’a bo’lip u’yrendik.

1. Ag’ashtan islengen buyi’mlarg’a baylani’sli’ atamalar
2. Kesteshilikke baylani’sli’ buyi’m atamalari’
3. Gu’lalshi’li’qqa baylani’sli’ atamalari’
4. Teriden islengen buyi’m atamalari’
5. Temirshilikke baylani’sli’ atamalari’
6. Toqi’mashi’li’qqa baylani’sli’ atamalar

## 1. Ag’ashtan islengen buyi’mlarg’a baylani’sli’ atamalar

Ag’ashtan islengen buyi’mlarg’a baylani’sli’ “ag’ash”, “arba”, “arsha”, “besik”, “yesik”, “zeren”, “kepshik”, “qara u’y” “wotaw”, “usta” atamalari’ qollani’lg’an.

***Ag’ash***- terek, a’dette, terektin’ u’lkeygeni, quwrag’i’ woti’n ushi’n qollani’latug’i’n uluwma xojali’qta paydag’a asqan tu’rine ayti’ladi’.
***Arba***- adamlar minetug’i’n , ju’k tasi’ytug’i’n ag’ashtan arnawli’ sog’i’lg’an ko’lik.
***Arsha***- kiyim-kenshek sali’p qoyi’iw ushi’n ag’ashtan islengen quti’.
***Besik***- jas balani’ bo’lep uyqi’lati’w ushi’n qol-ayag’i’n baylap jatqari’wg’a qolaylasti’ri’lg’an to’rt tuyaqli’ yetip ag’ashtan islengen zat.
***Yesik-*** qara uydin’ ishine si’rti’na kirip shi’g’atug’in worni’ ha’m sog’an quri’lg’an yergenek.
***Qara u’y***- tu’rkiy xali’qlardi’n’ baspanasi’, u’yi.
***Wotaw-*** suli’w, ko’rkem yetip bezetilgen qara u’y.
***Kepshik***- do’n’gelek qasnag’i’ bar, da’ndi ayi’ratug’i’n, tazalaytug’i’n , jelpiytug’i’n xojali’q zati’, mu’lki.
***Zeren***- ag’ashtan si’rlani’p islengen tabaqti’n’ kishkene tu’ri.

*-Ha’y, ag’ash, anaw albasli’ kim? –dedi. (B.7) “Da’wletbasi’ ” ni’n’ shaqlari’nan si’ypalap, aldi’ndag’i’ pishenin wo’zgertip shi’g’a bergeni arbag’a baylawli’ birewdi, arrag’i’raqta qoralardi’n’ tasalari’nan si’g’alani’p turg’anlardi’ ko’rip qaldi’.(B.15) Al, wori’s a’kelgen besik pu’tkilley wo’zgeshe, qaqpaqsi’z to’rt ayaqli’ arshag’a usaydi’, qaptallari’ kerege ko’z.(B.147) Wotawdi’n’ yesigi aldi’nda irkilip Aliy menen Dospang’a “bermen jaqi’nlan’” degen isharat bildirdi de, ishke su’n’gip ketti.(B.53) Qara u’ydin’ si’rti’nda shiyge arqasi’n berip sho’p penen jer si’zi’p woti’r yedi.(B.114) Qonaqti’n’ wo’tinishin wori’nlaw ushi’n kelinshek bir qaptalda woti’ri’p zerenlerge sorpa quya basladi’. (B.62)Ha’y, sen, Qa’dirbergen, kishkene kepshikti al. (B.184)*

## 2. Kesteshilikke baylani’sli’ buyi’m atamalari’

Kesteshilikke baylani’sli’ buyi’m atamalari’n 2 tu’rli bag’darda ushi’ratami’z:a. Kestelengen kiyim atamalari’: “taqi’ya”, “ko’ylek”, “ zer jag’ali’ shapan ”, “ jawli’q”, “qara qalpaq” atamalari’ qollani’lg’an.

***Zer shapan***-zer sabaq penen nag'i'slang'an shapan.
***Ko'ylek***- gezlemeden tigilgen jen'li, jag'ali' juqa u'st kiyim.
***Jawli'q***- basqa jawi'latug'i'n u'lken ha'm uzi'n woramal.
***Qara qalpaq***-qaraqalpaqlardi'n' milliy bas kiyimi**.**
***Taqi'ya***- Bas kiyimnin' bir tu'ri.

*A'lle qaysi' yesikten kirgen birew Aydosti'n' aldi'na zer jag'ali' shapan a'kelip qoydi'.(B.100) Yekinshi yesikten qi'zi'l ko'ylek kiygen qumi'rsqa bel qi'zlar woyi'n menen kirdi. (B.100) Qi'zi' ala jawli'g'i'n qi'ya jami'lg'an Qumar u'yinen tawlana shi'g'i'p, yerinin' joqli'g'i'n bildirmey, xiywali' miymanni'n' ati'n ji'lawladi'. (B.60) Maman biyge usap qaraqalpaq kiyetug'i'n ku'nleri de boladi'.(B.51) –Jerdin' betine maqpal japqanda xojayi'nni'n' taqi'yali'q awisti'ra ma, desesh. (B. 107) Duwxat shapani'n iynine jelbigey salg'an Aydos qatti'-qatti' ju'risi menen bulardi'n' qasi'na keldi. (B.53)*

a. Kestelewde paydalani'latug'i'n gezleme atamalari'nan "maqpal", "tu'rme", "ma'deli" so'zleri qollani'lg'an.

***Maqpal***- gezlemenin' bir tu'ri, ju'zi ti'g'i'z tu'kli , ha'r qi'yli' shiy maqpal, g'iji'm maqpal, bir qat maqpal ha'm.t.b
***Ma'deli***-jipek gezleme, bir taxtasi' qi'zi'l, bir taxtasi' jasi'l, aralari' jin'ishke ko'lemli si'zi'qsha , tu'rli ren'li shaqmaq yetip toqi'lg'an pillenin' jipeginen islenetug'i'n a'dette qi'z-kelinsheklerdin' basi'na woraw ushi'n arnalg'an yen' pa'ren'i gezlemenin' tu'ri.
***Tu'rme***-bas worawg'a qollani'latug'i'n jipek tawar.

*Ko'k maqpaldan kamzol kiyip , at u'stinde ko'gershindey boli'p woti'rg'an bul atli' qi'z yedi.(B. 6) Qi'psha belin qi'zi'l tu'rme menen bir qi'si'm qi'li'p buwg'an , ayday ju'zli, qaslari' qa'lem, woq kirpikli bul suli'w qaraqalpaqlardi'n' yen' birinshi xan ma'hremi boli'p ha'zir biy da'rejesine tu'sken g'arri' Yesengeldinin' qi'zi' Qumar suli'w yedi.(B.6) Ireti kelse , bir ma'deli belbewge jetkersen'iz , ju'da' . (B. 21)*

### 3. Gu'lalshi'li'qqa baylani'sli' atamalari'

Gu'lalshi'li'qqa baylani'sli' "tabaq", "tasbadiya", "tu'bek", "kese" atamalari' qollani'lg'an.
***Tabaq***-awqat sali'w ushi'n qollani'latug'in jalpaq, nag'i'slang'an i'di's.
***Tasbadiya***- tastabaqti'n' taypaq tu'ri.
***Tu'bek***-besiktin' tazali'g'i' ushi'n qollani'latug'i'n gu'lalshi'li'q buyi'mi'.

***Kese***-shay ishiwge yamasa awqatlani'wg'a arnalg'an farfordan , yamasa qumbi'zda pisirilip , i'laydan islengen i'di's.

*Qi'yali'na awi'ili' toli' tabaqtay.(B.11) Zi'yapatti'n' shan-shawketi pitip , adamlar awqatlani'p ta boli'pti' , biraq ta ha'r kimnin' aldi'nda ele ji'ynalmag'an tas badi'yalar shala jelingen palawi' menen tur.(B.75) Tatrqi' bawi' da, tu'bek te , sumek te kerek yemes, bir ko'rpesheni asti'na jaysa, bo'pe wo'zi menen wo'zi boli'p jata beredi.(B.147) ...A'liydi shaynap jibergisi kelip bir kese shay ishim tigildi.(B.45)*

## 4. Teriden islengen buyi'm atamalari'

Teriden islengen buyi'm atamalari'nan "qurash", "qamshi'", "degeley", " sho'girme", " ton", "teri dasti'q" so'zleri qollani'lg'an.

***Degeley***-yernegi ju'nli teri menen a'diplengen, gezlemeden tigilgen, malaqayg'a usas bas kiyimnin' bir tu'ri.

***Qurash***-sen'sen' qoy terisinen do'n'gelek yetip tigilgen bas kiyim, sho'girme.

***Shogirme***- qurashti' yekinshi ati'.

***Ton***-teriden islengen yer adamlardi'n' kiyimi.

***Qamshi'***- terini jin'ishke yetip tilip wo'riletug'i'n ag'ashqa yamasa basqa bir zatqa saplani'p , ko'likti uri'p ju'rgizetug'in qural, yer-turmanni'n' bir bo'legi.

*Wol ken' jawi'ri'nli' padashi'ni'n' tuw si'rti'nan biraz qarap turg'annan keyin qundi'z qi'sti'rg'i'shli' qi'zi'l degeleyin basi'qi'rap kiyip, aldi'na tu'skem mayda buri'mlari'n arti'na qayi'ri'p tasladi' da, ati'n a'sten aydap kelip , wo'z woyi' menen ba'nt jigittin' ko'zlerin basti'.(B.6) Qi'sta xiywali'lar usap qurash kiyedi, gu'zli-ba'ha'r buxarali'lar usap sa'lle woraydi'.(B.51) Bul zamanda bas kiyimnin' ag'lasi' selkildek a'rebi sho'girme boli'p ketti.(B. 21) Qi'yali'na "ma'sla'ha't u'yi" nin' jarti'si' si'ng'annan , suwi'qta kiygen toni'n birewzorli'q penen sheship alg'annan keyin yemes.(B.32) Aydos wo'zinin' biyori'n so'ylep padashi' aldi'nda a'zziligin ko'rsetkenine pa'ntlengendey, qamshi'si'n ati'ni'n' sawri'si'na shi'rp yettirip birden ju'rip ketti.(B.7)*

## *5)* Temirshilikke baylani'sli' atamalari'

Temirshilikke baylani'sli' "du'wden", "temirshi usta", "balg'a", "to's", "ko'rik basi'w", "bel", "na'l', "tag'alaw", 'shi'n'g'obi'z",

"za'n'gi", "yer-turman", " mi's tabaq" , "gu'lmi'yi'q", " jez gewish" atamalari' qollani'lg'an.

***Tag'alaw***-na'l qag'i'w.

***Temirshi usta-*** metaldan ha'r qi'yli' buyi'mlar sog'i'w menen shug'i'llanatug'i'n ka'sip iyesi.

***To's-*** mi'skerdin', temirshinin' a'sbabi'.

***Bel***-qazi'w ha'm jerdi islew ushi'n polattan yamasa temirden islengen qural.

***Na'l***-atti'n', yeshektin' tuyag'i'na qag'i'latug'i'n temir.

***Korik*** –temirshinin' ustaxanasi'ndag'i' temir yeriytetug'i'n pechtin' woti'n , qozi'n qi'zdi'ratug'i'n , yeki taxtaydi'n' arali'g'i' teri yamasa qatti' materildan ji'yi'ri'qlani'p islengen , samaldi', hawani' jelpip turatug'i'n u'rlegish , u'plegish a'sbap .

***Shin'g'obi'z-*** temirden islengen awi'z benen u'rlep shertetug'i'n muzi'kali'q a'sbap.

***Za'n'gi***-atti'n' yerinin' ayaq qoyatug'i'n bo'legi.

***Yer-turman***-atti'n' yamasa eshektin' jawi'ri'ni'na Sali'natug'i'n ag'ashtan, temirden islengen qural saymanni'n' bir tu'ri.

***Gu'lmi'yiq***-shegenin' bir tu'ri.

***Jez*** –ximiyali'q element, qi'zg'i'sh sari' ren'li bos metal.

*Jiynalg'anlardi'n' biri woni'n' bosag'an balg'asi'n ali'p, qi'zi'p turg'an to'stin' u'stindegi qi'p-qi'zi'l som temirge urajaq boli'p yedi, ustani'n' won jasar uli' basi'p turg'an ko'rigin jiberip , balg'a usag'andi' kiyin iyterdi. (B.105) -Biybaba, , ati'n'i'zg'a na'l qaqti'rmadi'n'i'z?-Bir ku'n bolmasa bir ku'n aldi'mnan shi'g'i'p , ati'n'di' biypul tag'alag'anman dese, yaqshi' yemes. (B. 126) Qabaq arqalag'anda na'zik beli mayi'si'p , gu'lmi'yi'qli' gewishin si'lti'ldati'p ketkeni, yele ko'z aldi'mda tur.(B.59) Xannin' jez gewishi qoyi'lg'an si'pada gilen' molla ba'shsheler woti'r.(B.75) …wotawdan shi'n'g'obi'z namalari' , qi'zlardi'n' qosi'q aytqan hawazlari' yesitiledi.(B.165) –Xorezm woypati'ni'n' tag'dirin qaraqalpaqti'n' woylawi' sha'rt yemes,- dedi de , za'n'giligin tebinip alg'a ketti. (B.203)*

## 6. Toqi'mashi'li'qqa baylani'sli' atamalar

Toqi'mashi'li'qqa baylani'sli' atamalardan "gilem", "qorji'n", "g'ali' ", " boyra", "shiy", " alaqshi'n", "mardan" si'yaqli' atamalar qollani'lg'an.

***G'ali'-*** gilemni'n' tu'kli tu'ri.

***Gilem***-to'sek yetip yedenge to'sew yamasa diywalg'a qag'i'w ushi'n nag'i'slani'p , ju'nnen yamasa basqa da materialdan toqi'lg'an bir jag'i' tukli buyi'm.
***Boyra-*** iri qami'stan jenshilip , to'rt mu'yeshli yetip toqi'lg'an zat.
***Shiy***-wotawdi'n' keregesini'n' jabi'wi', qami'stan toqi'ladi'.
***Qorji'n-*** atqa ju'klewge qolaylasti'ri'li'p islengen yeki qaltali' i'di's.
***Mardan-*** qami'stan, jekennen toqi'lg'an , da'n ha'm basqa da na'rselerdi Sali'p qoyatug'i'n biyikligi adamni'n bel buwari'nan keletug'i'n do'n'gelek i'di's.

*Neshe ko'z jaslarg'a sebepker , neshe barmaqlardi' jegen go'zzal g'ali'lar menen gilemlerdi wobalsi'nbay , u'stine shi'qqanda Dospannin' kewli ko'terildi me, sa'l qozg'ali'p , ken'irek na'pes aldi' da , ji'm woti'rdi'.(B.96)Wo'mirbek laqqi' bazarda qorji'ni'n joyti'p kelip , hayali'na ne derin bilmey "bugin qalada qorji'n joytqan ko'p boldi'" degen yeken.(B.54) …yesikke jaqi'n to'selgen kiyizge bir dizerledi.(B.61)Wol bul buyi'mlari' , da'n ma'rdanlari' saqlaytug'i'n go'netoz kishkene u'yin ha'mmenin' aldi'nda Dospang'a inam qi'li'p , yerten'-aq i'lashi'g'i'n worni'na apari'p tigiwin yeskertti.(B.183)*

## Juwmaqlaw

Juwmaqlap aytqanda, jazi’wshi’ni’n’ “Baxi’tsi’zlar” romani’nda qol wo’neri atamalari’ni’n’ ag’ashtan islengen buyi’mlarg’a baylani’sli’, temirden buyi’m sog’i’wg’a baylani’sli’, teriden islengen buyi’mlarg’a baylani’sli’, gu’lalshi’li’qqa, toqi’mashi’li’qqa baylani’sli’ atamalari’ jiyi qollani’lg’an bolsa, zergershilikke baylani’sli’ atamalardi’ ushi’ratpaymi’z.

XVIII-XIX a’sirdegi qaraqalpaq xalqi’ turmi’si’nda qol wo’nerinin’ barli’q tu’rleri rawajlang’ani’n biliwge boladi’. Romanda qollani’lg’an qol wo’neri atamalri’ni’n’ ayi’ri’mlari’ qollani’wdan shi’g’i’p qalg’an yag’ni’y go’nergen so’zge aylang’an. Al, ayi’ri’m qol wo’nerine baylani’sli’ atamalar yelege shekem jiyi qollaniladi’.

Romanda qollani’lg’an qol wo’neri leksikasi’na baylani’sli’ atamalar shi’g’armani’n’ ko’rkemliligin artti’ri’wda ayiri’qsha a’hmiyetke iye yekenligi ma’lim boladi’.

## Paydalani’lg’an a’debiyatlar:


1. Berdimuratov E.A`debiy tildin` funktsoinal stillerinin` rawajlan?w? menen qaraqalpak leksikas?n?n` rawajlan?w?. No`kis, “Bilim”. 1973

2. Allamuratov A. Dospanov O, Tileumuratov G. Qarakalpaqsha ko`rkem-o`ner atamalar?n?n` so`zligi. No`kis, “Bilim”. 1991.

3. Allaniyazova Sh. Qaraqalpak tilinin` qol o`neri leksikas?. No`kis, “Bilim”. 1997.

4. Qaraqalpak tilinin` tu`sindirme so`zligi. I tom. No`kis, “Bilim”. 1982, II tom. No`kis, “Bilim”. 1984, III tom No`kis, “Bilim”. 1988

5. Qay?pbergenov T. Bax?ts?zlar. No`kis, “Qaraqalpakstan”. 1971.